दिन– सोमवार दिनांक–26.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे ऑपरेशन सिंदूर मात्र एकटा सैन्य कार्रवाई नहि अछि, बल्कि भारतवासी सभक मूल्य आओर भावनाक एकटा अभिव्यक्ति अछि। गुजरातक दाहोद मे एकटा जनसभा कँ संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे ई आवश्यक भऽ गेल अछि जे देशक उन्नतीक लेल जे किछु चाही ओकर निर्माण हम भारते मे करी। श्री मोदी कहलनि जे स्मार्ट फोन सँ लऽकऽ खेलौना, गाड़ी सभ आओर अस्त्र–शस्त्र तक आइ भारत बना रहल अछि आओर दुनियाक देश सभकँ निर्यात सेहो कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे वोकल फॉर लोकलक भावना कँ जनभावना बनएबाक आवश्यकता अछि। प्रधानमंत्री लोकसभ सँ स्थानीय उत्पाद सभकँ बढ़ावा देबाक आह्वान करैत कहलनि जे यैह भविष्य मे हमरा सभक शक्ति बनत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ अपन कार्यकालक एगारह बरख पूरा कऽ लेलनि अछि। अजुके दिन बर्ख दू हजार चौदह मे श्री मोदी भारतक प्रधानमंत्रीक रूप मे पहिल बेर शपथग्रहण लेने रहथि। ई देशक आधुनिक राजनीतिक इतिहास मे एकटा महत्वपूर्ण मोड़ छल, कियैक तऽ ई भारत मे गठबंधनक राजनीतिक तीस बरखक युग कँ समाप्त कऽ देलक। बर्ख दू हजार चौदह केर आम चुनाव मे लोकसभ, भारतीय जनता पार्टी कँ स्पष्ट आओर निर्णायक जनादेश देने छल।

---

आतंकवादक खिलाफ भारतक रूख कँ दुनियाक सामने रखबाक लेल, भारतक सात टा बहुदलीय प्रतिनीधिमंडल विभिन्न देश सभक दौरा पर छथि। जदयू सांसद संजय कुमार झाक नेतृत्व मे सर्वदलीय प्रतिनीधिमंडल दक्षिण कोरिया पहुँचल अछि। इ प्रतिनीधिमंडल कोरियाई नेशनल एसेंबलिक, राष्ट्रीय रक्षा समिति, अध्यक्ष सुंग इल जोंग सँ मुलाकात कयलक। संजय झा कहलनि जे बातचीत सार्थक रहल आओर दक्षिण कोरिया आतंकक खिलाफ भारतक कार्रवाईयक समर्थन कयलक अछि।

————————————————————————

केन्द्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज कुमार चौधरी कहलनि अछि जे भारत–नेपाल सीमा पर बड़का भंसाल चालू करबा मे आबि रहल बाधा सभकेँ दूर कऽ, लैंड कस्टम चालू कयल जाएत। श्री चौधरी पश्चिम चंपारणक वाल्मीकिनगर मे, कस्टम अधिकारी सभक संग बैसारक उपरांत संवाददाता सभ सँ बातचीत कऽ रहल छलैथि। ओ बतएलनि जे नेपाल दिस सँ कस्टम कार्यालय मे टेस्टिंग लैब एखन धरि नहि लागि सकल अछि। एहि कारण सँ लैंड कस्टमक कार्य चालू नहि भऽ सकल अछि। ओ कहलनि जे जल्दीए सभ कमी केँ दूर कऽ लेल जाएत।

————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक उनतीस मई केँ हुअ बला बिहारक दू दिवसीय दउराक लऽकऽ सुरक्षा–व्यवस्था कड़ा कऽ देल गेल अछि। श्री मोदी उनतीस मई केँ पटना मे जयप्रकाश नारायण हवाईअड्डाक नव टर्मिनल भवनक उद्घाटन करताह। प्रधानमंत्री हवाईअड्डा सँ भाजपा प्रदेश कार्यालय तक रोड–शो सेहो करताह। श्री मोदी केँ तीस मई केँ रोहतासक बिक्रमगंज मे जनसभा केँ संबोधित करबाक कार्यक्रम अछि। पुलिस प्रशासन एकरा लऽकऽ हाई–अलर्ट जारी कयलक अछि। एडीजी लॉ एंड ऑर्डर पंकज दराद प्रधानमंत्रीक दौरा केँ लऽकऽ अधिकारी सभक संग सुरक्षा–समीक्षा बैसारक उपरांत हाई–अलर्टक निर्देश जारी कयलनि अछि।

————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राज्यक विभिन्न विश्वविद्यालय सभ मे सहायक प्रोफेसर पद पर चयनित पच्चीस टा अभ्यर्थी सभकेँ नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। पटनाक एल.एन. मिश्र संस्थान मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान शिक्षा मंत्री सुनिल कुमार समेत राज्य कैबिनेटक कतेको अन्य सहयोगी उपस्थित छलाह।

————————————————————————

मिथिलाक संग–संग प्रदेशक विभिन्न भाग सभ मे बरसाईतक पूजा व पर्वकेँ पारंपरिक श्रद्धाक संग मनाएल जा रहल अछि। अजुका दिन स्त्रीगण पतिक पैघ औरदा हेतु आओर उत्तम स्वास्थ्यक लेल वट–वृक्षक पूजा–अर्चना करय छथि आओर ओहि वृक्ष मे सुरक्षा धागा बन्है छथि।

———————————————————————————

पटना मे कोविडक बढ़ैत मामिला कैँ देखैत एहतियाती उपाय कयल जा रहल अछि। लोकसभ कैँ कोविड़ प्रोटोकॉलक पालन करबाक सलाह देल जा रहल अछि। हमर संवाददाता बतएलनि जे पटनाक आईजीआईएमएस समेत सभ अस्पताल सभ मे लोकसभ कैँ माइकिंगक जरिए सुरक्षित दूरी बनेने रहबाक, मास्क पहिरबाक आओर भीड़–भाड़ सँ बचबाक सलाह देल जा रहल अछि।

———————————————————————————

समाप्त